

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun nyangking hasil anu akurat ngeunaan kamampuh siswa dina maca warta saméméh jeung sanggeus make strategi *Reading Aloud*. Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngabuktikeun jeung nguji pasualan - pasualan anu ditalungtik anu dirumuskeun di idéntifikasi masalah. Aya opat hal anu ditalungtik anu dirumuskeun di rumusan masalah, nya éta kumaha kamampuh maca warta siswa kelas XI IPS 3 SMA Pasundan 8 Bandung saméméh jeung sanggeus make strategi *Reading Aloud*; naha aya ningkatna kamampuh maca warta sanggeus make strategi *Reading Aloud*; jeung naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh maca warta saméméh jeung saanggeus maké strategi *Reading Aloud*.

- 1) Strategi *Reading Aloud* mangrupa wangun hiji strategi maca téks kucara sora anu bedas, pikeun mantuan siswa ngedalkeun patalékan – patalékan jeung ngararancang diskusi. Dina ieu panalungtikan, strategi *Reading Aloud* dina pangajaran maca warta wangun matérina mangrupa téks tulis anu dibaca ngaliwatan tés sacara lisan dihareupeun kelas. Tés dilaksanakeun dua kali pikeun ngukur kamampuh maca warta saméméh (*pretest*) jeung sanggeus (*posttest*) maké strategi *Reading Aloud*.
- 2) Katitén yén tina hasil analisis kamampuh maca warta siswa kelas XI IPS 3 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajar 2016/2017 saméméh maké strategi *Reading Aloud*, nuduhkeun yén Tina hasil analisis hasil kamampuh maca warta saméméh ngagunakeun strategi *Reading Aloud* nuduhkeun yén siswa can mampuh siswa kelas XI IPS 3 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2016/2017 nya éta rata – rata 54,80 tina KKM 75. Tina hasil peunteun ti 26 siswa, aya 4 siswa anu peunteunna  $\geq 75$  dianggap mampuh maca warta dina sababaraha aspék atawa 15,39% anu peunteunna ngahontal KKM, sedengkeun 22 siswa anu peunteunna  $\leq 75$  dianggap can mampuh maca dina sababaraha aspék warta atawa 84,61% anu peunteunna teu ngahontal KKM.

- 3) Katitén yén tina hasil analisis Tina hasil analisis kamampuh maca warta siswa kelas XI IPS 3 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajar 2016/2017 sabada ngagunakeun strategi *Reading Aloud*, kamampuh maca warta sabada ngagunakeun strategi *Reading Aloud* siswa geus mampuh kana maca warta dina sababaraha aspék, rata – rata peunteunna 80. Ieu hal luyu jeung KKM, siswa anu peunteunna  $\leq 75$  dianggap can mampuh maca warta, sedengkeun siswa anu peunteunna  $\geq 75$  dianggap mampuh maca warta. Tina hasil kamampuh maca warta siswa sabada ngagunakeun strategi *Reading Aloud* anu diteskeun, siswa anu dianggap mampuh maca warta aya 23 urang siswa atawa 88,46% peunteunna ngahontal KKM. Sésana siswa anu dianggap can mampuh aya 3 urang atawa 11,54% peunteunna teu ngahontal KKM.
- 4) Strategi pangajaran saperti *Reading Aloud* téh kawilang éfektif pikeun mikanyaho aya bédha atawa henteuna kamampuh maca warta siswa kelas XI IPS 3 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2016/2017, nya éta ku cara dilaksanakeun uji gain. Rata -rata hasil kamampuh awal siswa nya éta 54,8, sedengkeun rata-rata kamampuh ahir siswa nya éta 80, bisa katingali yén aya bédha nu signifikan antara kamampuh saméméh jeung sabada ngagunakeun strategi *Reading Aloud* kalayan rata-rata selisih (D) nya éta 25,2. Ditilik deui tina opat aspék peunteun maca warta, aspék anu aya peningkatan panggedéna nya éta aspék lentong, kalayan selisih rata-ratana 1,46. Satulunya dumasar tina hasil analisis data jeung uji hipotésis, katitén yén  $t_{itung} > t_{tabel}$  nya éta  $(12,31) > (1,708)$ , hartina hipotésis awal ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Cindekna,  $t_{itung} (12,31) > t_{tabel} (1,708)$ . Hipotésis awal dina ieu panalungtikan nya éta aya bédha anu signifikan antara kamampuh maca warta siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun strategi *Reading Aloud* téh ditarima.

## 5.2 Implikasi

Strategi *Reading Aloud* dipaké pikeun mantuan siswa ngedalkeun patalékan – patalékan jeung ngararancang diskusi. Sangkan siswa leuwih babari maham kana eusi warta, strategi *Reading Aloud* salasahiji cara anu bisa dipaké pikeun ngarahkeun siswa sangkan leuwih aktif dikelas. Strategi *Reading Aloud*

sabenerna mah makéna gampang jeung éfektif dina nepikeun pangajaran, asal luyu jeung tujuan anu bakal dihontal.

### 5.3 Rékoméndasi

Luyu jeung hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu dikedalkeun ku panalungtik pikeun ningkatkeun kamampuh siswa dina pangajaran maca warta di kelas XI. Rékoméndasi éta téh ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Dumasar kana hasil panalungtikan yén strategi *Reading Aloud* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh maca warta siswa, ku kituna, panalungtikan ieu bisa drékoméndasikeun ka guru – guru pikeun dijadikeun salasahiji alternatif pikeun bahan pangajaran maca warta.
- 2) Dina panalungtikan maca warta ngagunakeun strategi *Reading Aloud*, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, di antarana nya éta a) kudu bisa nyanking eusi warta kalawan hadé, b) merhatikeun artikulasi dina nyebutkeun sora vokal jeung konsonan, c) lentong kudu sing merenah, jeung d) éksprési nalika maca warta kudu leuwih péde deui. Sangkan pangajaran maca warta bisa ngalatih kamampuh verbal siswa dina nyarita.
- 3) Panalungtikan ieu ngan saukur dilaksanakeun ngaliwatan panalungtikan ékspérimén kuasi, ku kituna perlu ayana panalungtikan anu leuwih jembar deui.